

Akò Kategori B ant Konsèy Administrasyon BDEA ak Boston Teachers Union (BTU):

Akò Ant Lekòl Piblik Boston, Sendika Anseyan Boston, Lekòl Lajounen/ Aswè

AKÒ ant Boston Day and Evening Academy ("BDEA") (Horace Mann Charter Public School), e atravè Konsèy Administrasyon li a ("Konsèy la, the Board"), ak Komite Lekòl Vil Boston, e atravè Depatman Lekòl Piblik Boston ("BPS") ak Boston Teachers Union ("BTU"). Konsideran angajman respwòk ki ladan yo, BDEA, BTU, e BPS dakò pwen sa yo:

KONSIDERAN Chapit 71, §89 Lwa Jeneral Commonwealth Massachusetts, li bay Depatman Edikasyon ("Massachusetts DESE"), pouwva pou apwouve operasyon yon lekòl piblik annakò regleman (ki vin apwe, "Horace Mann Charter School"), pou ankouraje devlopman pwogram inovatè nan edikasyon piblik, pou bay opòtinite pou aprantisaj ak evalyasyon inovatè, ankouraje pwogram edikasyon ki baze sou pèfòmans, ak pou lòt objektif edikasyonèl ki gen anpil valè; epi

KONSIDERAN, DESE Massachusetts te pibliye nòm ak pwosedi estanda pou fonksyonman Horace Mann Charter Schools selon atik 603 CMR §1.00 et seq.; ak

KONSIDERAN, nan mwa fevriye 2018, yo te renouvle regleman BDEA a an blòk pou yon peryòd senk lane;

KONSIDERAN pati yo vle delimitè dwa ak responsablite respektif yo nan limit lwa Massachusetts pa totalman dekri l, epi l konfòme yo ak estanda ak pwosedi sa yo; ak

KOUNYE A, an konsiderasyon angajman respwòk ki genyen ladan l, pati yo dakò jan sa a:

Kondisyon Anplwaye BTU Ki Travay nan BDEA

Tout Anplwaye BTU yo chwazi pou travay epi ki chwazi travay nan BDEA dwe kenbe tout estati yo kòm manm inite negosyasyon BTU e kòm anplwaye Lekòl Piblik Boston yo. Espesyalman:

- A. Anplwaye BTU yo dwe resevwa ominimòm, yon salè ak benefis ki tabli nan echèl salè. "Atik VIII la: Konpansasyon ak Avantaj" Kontra BTU a ("Kontra a"), sijè posiblite ogmantasyon jan sa endike anba a.
- B. Anplwaye BTU yo dwe kenbe epi kontinye ogmante eksperyans nan BPS dapre kondisyon Kontra a.

Jan sa endike anba a, eksepte pwen (A) ak (B) ki pi wo a, BDEA pral egzante dispozisyon ki nan Kontra a, ak tout pratik ki gen rapò ak relasyon ant Komite Lekòl Boston ak BTU, ki nan seksyon yo oswa ki gen rapò ak seksyon ki nan kontra ki deja egziste tankou seksyon ki koresponn nan tout kontra alavni ki anvigè pandan dire akò sa a:

- Atik III: Jesyon Eskolè ak Ppataje Desizyon ki Pran
 - Pou satisfè bezwen elèv yo kòm sadwa, pwofesè BDEA ka travay yon jounen ak yon ane lekòl ki pi long pase pwofesè BPS tradisyonèl yo epi itilize orè ki dekale pou akomode pwogram lajounen ak aswè. Longè espesifik ane ak jounen lekòl la ka varye pou chak pwofesè, selon bezwen espesifik lekòl ak elèv la. Dapre atik III E (i) yo pap rekonpanse èdtan ki rive a 46 pou chak ane lekòl yo. Depatman lekòl la dwe peye konpansasyon pou èdtan ant 46-145. Se responsablite lekòl la pou konpanse lè ki depase 145 èdtan.
- Atik IV: Evalyasyon Lekòl
 - Tout
- Atik V: Anplwaye
 - Tout
- Atik VI: Devlopman Pwofesyonèl
 - Tout
 - *BDEA pral gen aksè a tout opòtinite devlopman pwofesyonèl nan tout distri a sa gen ladan TLT, sipò elèv (ki gen ladan CPI), akademik, ak òf devlopman pwofesyonèl operasyon yo. Anplwaye BDEA yo pral patisipe nan devlopman pwofesyonèl ki nesèsè yo selon pozisyon/tit yo*
- Atik VII: Kondisyon Travay
 - Tout
- Atik VIII: Konpansasyon ak benefis
 - Sèlman seksyon G – Pousantaj espesyal ak konpansasyon andeyò pwogram nan
 - Remak: BDEA ka chwazi pou patisipe nan Òganizasyon atletik Massachusetts Charter School, e ki pa nan pwogram atletik entèskolè anndan BPS ki kouvri nan Seksyon G.
- Atik X: Rezolisyon dispit
 - REMAK: Olye pwosesis rezolisyon dispit ki dekri nan Atik X nan Kontra BTU a, anplwaye ak administrasyon an ap devlope yon pwosesis rezolisyon dispit ki te apwouve atravè Konsèy Administrasyon BDEA a.

Atik Akò Parapwofesyonèl yo

- Atik II: Kondisyon Travay
 - Tout eksepte A. 13., ak B. 2.
- Atik V: Rezolisyon dispit
 - REMAK: Olye pwosesis rezolisyon dispit ki dekri nan Atik X nan Kontra BTU a, anplwaye ak administrasyon an ap devlope yon pwosesis rezolisyon dispit ki te apwouve nan Konsèy Administrasyon BDEA a.

Atik nan Akò Pwofesè Ranplasan ak Enfimyè

- Atik II: Kondisyon Travay
 - Tout
- Atik V: Rezolisyon dispit
 - REMAK: Olye pwosesis rezolisyon dispit ki dekri nan Atik X nan Kontra BTU a, anplwaye ak administrasyon devlope yon pwosesis rezolisyon dispit ki te apwouve pa mwayen Konsèy Administrasyon BDEA a.

Tanpri sonje kèk nan seksyon anba yo gen sèlman rezon ki klè.

BDEA ak BTU dakò pou respekte Chapit 71, Seksyon 89 (t) Horace Mann charter schools yo evite akò negosyasyon kolektif lokal yo nan limit kondisyon ak regleman yo bay yo; sepandan, lefètke anplwaye Horace Mann charter school yo ap toujou rete manm inite lokal negosyasyon kolektif yo epi yo dwe akimile sa ki te la anvan an epi resevwa, ominimòm, salè ak avantaj ki tabli nan kontra inite lokal negosyasyon kolektif la kote Horace Mann charter school sitiye. Anplwaye Horace Mann charter school yo dwe egzante nan tout règ travay sendika ak komite lekòl la nan limit regleman lekòl la. Anplwaye ki nan Horace Mann charter school yo pral oblije travay tout jounen travay ak tout ane a konplè nan nivo kondisyon ak regleman lekòl la prevwa.

Seleksyon ak Anbochaj Anplwaye yo

BDEA sèlman gen otorite pou l chwazi anplwaye pou nenpòt ak tout pòs nan lekòl la. BDEA ka chwazi anplwaye pou pòs BTU nan lekòl la san yo pa konsidere ka veteran nan BTU oswa pratik ki te pase ant Komite Lekòl Boston ak BTU. BDEA ka bay tit ak deskripsyon pòs travay, devwa ak responsablite pou nenpòt e tout pòs nan lekòl li a. Seleksyon anplwaye yo dwe ann amoni ak lwa federal eta ak òdonans minisipal ki aplikab yo. Anplwaye BTU a pa dwe gen atachman nan okenn pozisyon nan lekòl la epi Direktè lekòl la gendwa transfere nenpòt manm estaf BTU nan yon lòt pozisyon sof si manm pèsonèl BTU a byen kalifye. BDEA, antanke yon pati nan Lekòl Piblik Boston yo, rekonèt e sipòte objektif distri a nan anplwaye yon mendèv ki reprezante divèsite popilasyon elèv nou an, epi li pral chèche mete divès mendèv, espesyalman pwofesè yo.

Anplwaye yo pral touche ominimòm sa ki di pou salè BPS la, men BDEA gen dwa konpanse manm pèsonèl yo pi wo pase salè a epi li pa oblije respekte etap salè / liy BPS oswa sendika a. Tout salè ki pa nan kategori ak etap salè ki tabli yo dwe diskite avèk Biwo Resous Zimen ak Direktè Finans lan anvan yo ofri sale yo. Si yon anplwaye BDEA resevwa konpansasyon ki pi wo pase echèl salè estanda a, anplwaye a dwe retounen nan echèl salè kontra a an fonksyon eksperyans ak kalifikasyon akademik si anplwaye sa a kite BDEA pou yon lòt pozisyon nan distri a.

Jesyon ak Evalyasyon

Atravè konsèy administrasyon an, BDEA jere anplwaye li yo. Tout manm estaf BDEA dwe siyen yon akò chwa travay ki gen kondisyon travay pou chak ane. BDEA pral adopte sistèm Evalyasyon Edikatè BPS adopte nan tout kategori travay yo.

Eksè ak Revokasyon

BDEA ka envolontèman depase kantite manm BTU a lè li bay yon avi sou nenpòt lè li te depase l yon fason envolontè anvan 1ye fevriye. Dispozisyon ki nan nenpòt akò negosyasyon kolektif ki enpòtan konsènan eksè, veteran, transfè, revokasyon ak rapèl pa dwe aplike nan BDEA eksepte si manm inite negosyasyon kolektif yo fèt an akò ak lwa federal ak eta a, òdonans minisipal yo ak akò rekonesans kondisyon travay ki aplikab yo. BDEA ka pran mezi disiplinè jiska revokasyon, dapre lwa federal ak eta, òdonans minisipal ki aplikab yo. BDEA dwe avèti Biwo Relasyon Travay BPS la sou nenpòt mezi disiplinè oswa revokasyon anvan yo pran desizyon osijè anplwaye a.

Revokasyon ak rapèl

BDEA te egzante revokasyon ak rapèl apati langaj ki nan Kontra a ak nenpòt pratik ki asosye.

Tretman ak Avi Konsènan Anplwaye

BPS dakò pou tout anbochaj ak revokasyon anplwaye BDEA yo trete nan yon fason ki apwopriye atravè Biwo Resous Zimen BPS la. BDEA ap avèti Biwo Resous Zimen BPS la alè sou nenpòt chanjman anplwaye pou ane lekòl ki vin apre a. Avi sa a dwe fèt alekri epi yo dwe voye l bay BPS alè. Nan okenn sikonstans, yon anplwaye pa ka travay devan timoun san verifikasyon CORI. BPS pral verifye tout antesedan nan non BDEA selon pwosedi abityèl li yo.

Konpansasyon – Tout Manm BTU Yo

Chak pwofesè BDEA touche ominimòm, selon nivo salè debaz BTU a.

Kondisyon Travay - Tout Manm BTU Yo

Dispozisyon ki nan negosyasyon kolektif BTU a pa dwe aplike pou anplwaye BTU ki nan BDEA eksepte si manm BTU a pral resevwa ominimòm salè ak avantaj ki endike nan akò negosyasyon kolektif BTU a. Pami lòt chanjman nan kondisyon travay BTU yo, BDEA gen entansyon fonksyone yon jounen ak ane lekòl ki pi long pase orè lekòl nòmal BPS la. Chak anplwaye nan BDEA pral siyen yon akò chwa travay anvan kòmansman chak ane lekòl. Dokiman chwa travay la pral detaye kondisyon travay yo pou pozisyon anplwaye sa a, sa gen ladan, men ki pa limite, èdtan yo prevwa chak jou ak kantite jou chak ane.

Rezolisyon Dispit

Akò Boston osijè travay akademik jounalye/sware, Seksyon F, prevwa anplwaye ak administrasyon Boston akademi jounalye ak aswè ("BDEA") dwe devlope yon pwosesis rezolisyon dispit pou itilize nan plas pwosesis ki dekri nan atik X Kontra Boston Teachers Union. Atravè yon efò ouvè e enklizif, pati sa yo te kreye pwosesis pou rezoud dispit ak pwosedi disiplinè ki tabli nan dokiman sa a. Pwosedi sa a pral disponib pou tout anplwaye pou rezoud diskisyon ki gen rapò ak kondisyon travay nan BDEA epi pou rezoud pwoblèm disiplinè yo. Pwosesis rezolisyon konfli sa a te apwouve nan Konsèy Administrasyon BDEA.

Respekte Lalwa

BDEA dakò pou li respekte tout lwa, règ, regleman ak kòd federal, leta ak minisipal ki aplikab yo, ki gen ladan, men se pa sa sèlman: dispozisyon Lwa sou Acha inifòm, M.G.L. c. 30B ; M.G.L. c. 71, §89 ak 603 CMR §1.00 et seq.; M.G.L. c. 71; sa ki gen rapò ak divèsite elèv, pwofesè ak lòt anplwaye; pwoteksyon dwa ak enterè elèv ak anplwaye yo; depans lajan piblik yo; ak refòm edikasyon. BDEA dakò tou pou li respekte regleman dwa sivil BPS yo. Yo pral idantifye elèv ki gen bezwen espesyal oswa k ap aprann lang anglè, evalue epi sèvi kòm sadwa dapre egzijans federal ak eta yo. San yo pa limite sa ki endike anwo a, BDEA dakò li dwe egzekite responsablite li selon Akò sa a, konfòme li ak tout dispozisyon M.G.L. c. 268A (Lwa Konfli Enterè) nan tout mezi dispozisyon sa yo aplikab. Si w pa respekte tout egzijans legal ki aplikab yo, sa ka lakòz yo sispann Akò sa a dapre seksyon 16 la.

BDEA dakò tout desizyon travay yo pral pran nan respè lwa federal ak eta ki aplikab yo. BDEA, kòm yon pati nan Lekòl Piblik Boston yo, rekonèt epi sipòte objektif distri a pou anplwaye yon mendèv ki reprezante divèsite popilasyon elèv nou an, epi ki pral chèche anplwaye yon mendèv ki divèsifye.

Dire Akò a

Dire Akò sa a se apati dat egzekisyon Akò sa a jiska 30 jen 2023. Ki pa pita pase sis (6) mwa anvan ekspirasyon Akò sa a, oswa ekspirasyon regleman BDEA a, kèlkeswa sa ki rive an premye, BPS ak BDEA dwe reyini epi fè bonjan efò pou diskite ak planifye kontinyasyon Akò sa a, e kontinye operasyon BDEA annakò ak Aplikasyon an ak Renouvèlman an, ak modifikasyon sa yo tout pati yo dakò, Komite Lekòl Boston apwouve, ak sibvansyon DESE Massachusetts.

Endemnizasyon

Li vrèman enpòtan pou pati yo konprann BDEA se sèlman yon inite nan Depatman Lekòl Piblik Boston nan mezi li konpatib avèk dispozisyon M.G.L. c. 71, §89 ak regleman ki pibliye anrapò ak sa. Pati yo vrèman rekonèt BDEA se yon antite endepandan Depatman Lekòl Piblik Boston epi Depatman Lekòl Piblik Boston pa dwe responsab pou zak oswa neglijan BDEA, Konsèy la, Responsab, ajan yo oswa anplwaye yo eksepte si as konpatib avèk dispozisyon MGL c. 71, §89 ak regleman yo ki pibliye anrapò ak sa. Anplis de sa, BDEA dwe dedomaje epi kenbe Depatman Lekòl Piblik Boston an, responsab, ajan oswa anplwaye li yo pou tout pwosuit ak reklamasyon ki genyen kont yo oswa nenpòt nan yo ki lye dirèkteman nan nenpòt aksyon oswa desizyon edikatif oswa travay, nenpòt zak entansyonèl oswa neglijan oswa move aksyon BDEA, Konsèy la, responsab yo, ajan oswa anplwaye li yo.

Revokasyon

BDEA rekonèt siveyan an responsab pou edikasyon tout elèv BPS yo. Si Siveyan an detèmine selon jijman pwofesyonèl li, BDEA pa sèvis pou pi bon enterè elèv BPS yo, e/oswa BDEA pa respekte egzijans seksyon Respè ak Lalwa ki pi wo a, li gen dwa itilize pwosedi plent ki tabli nan 603 CMR 1.09 et seq., epi/oswa prezante enfòmasyon bay Komisyonè Edikasyon an anrapò ak yon demann revizyon ak investigasyon sou BDEA. Anplis de sa, Akò sa a ap fini otomatikman nan ka Komisyonè Edikasyon an anile regleman BDEA pou nenpòt rezon. Si yo ta anile akò sa, BPS dakò pou ranbouse BDEA pou depans ki apwopriye BDEA te fè anvan anilasyon sa.

Dwa Apèl BDEA

BPS rekonèt BDEA gen dwa pou l fè apèl nan Massachusetts DESE, annakò ak pwosedi ki tabli nan 603 CMR 1.09 et seq., si BDEA detèmine nan jijman pwofesyonèl li BPS pa respekte kondisyon ki nan Akò sa a. oswa dispozisyon MGL yo c. 71, §89. BDEA dakò li pa dwe okenn apèl nan tribinal Massachusetts DESE san li pa bay BPS pou pi piti katòz (14) jou apati avi alekri a sou entansyon BDEA pou depoze apèl sa a ak motif apèl sa baze.

Remak

Tout avi, demann, ak lòt kominikasyon ki adrese oswa yo fè pou pati yo, eksepte sa ki espesifik nan dokiman sa a, yo dwe alekri epi yo pral delivre oswa voye nan lapòs, prepeye selon pati sa a:

- (A) Konsènan BPS:
 - Siveyan
 - Boston Public School Department
 - 2300 Washington St.
 - Roxbury, MA 02119

- (B) Konsènan BDEA:
Prezidan konsèy administrasyon an
Boston Day and Evening Academy
20 Kearsarge Avenue
Roxbury, MA 02119
- (C) Konsènan BTU:
Prezidan
Boston Teachers Union
Local 66, AFT Massachusetts, AFL-CIO
180 Mt. Vernon Street
Dorchester, MA 02125

Nenpòt pati kapab, nan yon avi alekri bay lòt pati a, deziyen yon lòt adrès. Nenpòt avi, demann, dwe konsidere tankou yo te bay li lè yo resevwa li bò kote moun ki adrese li a.

Egzanplè

Yo ka siyen akò sa nan nenpòt kantite egzanplè, yo dwe konsidere chak kopi sa yo antanke yon enstriman orijinal, epi tout kopi yo dwe gen yon sèl akò.

Divizibilite

Si nenpòt dispozisyon nan Akò sa a oswa aplikasyon an pa valab, envalidite sa pa dwe afekte lòt dispozisyon oswa aplikasyon Akò a, sa ka fè l gen efè san dispozisyon oswa aplikasyon ki pa valab, epi nan ka sa a yo dwe deklare dispozisyon ki nan Akò sa pou yo ka separe.

Amanman

Akò sa a, oswa nenpòt pati ladan l ka modifiye tanzantan sèlman alekri kote BPS, BTU, ak BDEA siyen.

KÒM TEMWAYAJ, pati yo te siyen Akò sa a ki sele.

BOSTON PUBLIC SCHOOLS

Pou: _____ Dat: _____
Doktè. Brenda Cassellius, Siveyan

APWOUVE POU FÒM LI

Pou _____
Konsèy la

BOSTON DAY AND EVENING ACADEMY

Pou: _____ Dat: _____
Non: Cris Rothfuss, Prezidan Konsèy Administrasyon an

BOSTON TEACHERS UNION

Pou : _____ Dat: _____
Non : Jessica Tang, Prezidan, BTU